


# SHARYAR DÁSTANÍNDA GÓNERGEN SÓZLERDIŃ QOLLANÍLÍWÍ

**Sipatdinova Qumar Murat qızı.**
Qaraqalpaq filologiyası hám jurnalistika fakulteti 2-kurs student.
https://doi.org/10.5281/zenodo.14059602

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 1-noyabr 2024 yil
Ma'qullandi: 5-noyabr 2024 yil
Nashr qilindi: 9-noyabr 2024 yil
**KEY WORDS**
*Sharyar dástanı, folklor, gónergen sózler, leksika, fonetika, kelip shıǵıw tariyxı, jıraw.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada Qaraqalpaq xalıq dástannı bolǵan "Sharyar" dástanında qollanılǵan gónergen sózler hám olardıń túsindirme sózlikleri berilgen.*

Qaraqalpaq tilinde gónergen sózler ańlatatuǵın túsiniklerge qatnasına qaray, hár qıylı bolıp keledi. Olardıń bir qatarı jámiyet rawajlanıwınıń belgisi bir dáwirinde ómir súrgen, biraq házir turmıstan shıqqan túsiniklerdiń, máselen kiyim-kensheklerge, úy-ishi zatlarına (jegde, túrme, háykel, boǵjama, sabayaq hám t.b) baylanıslı atamalar bolsa, ekinshi birewleri mámleketlik basqarıw islerine baylanıslı túsiniklerdiń (qusbegi, datqashı, bolıs, biy, oyaz t.b atamaları al úshinshi birewleri házirde ómir súrip kiyatırǵan túsiniklerdiń dáslepki atamaları t.b sıpatında (jarlıq, hámir, buyrıq, ukaz, párman t.b.) ushrasadı[1.117].

Biz gónergen sózlerdi kúndelikli leksikamızda qollanbaǵanımız benen, biraq tariyqıy shıǵarmalardı oqıǵan waqtımızda olarǵa kózimiz túsedi. Olardıń ayrımlarınıń ataması bizge túsinikli bolǵanı menen ayrımlarınıń ataması túsinikli emes. Sebebi olardı biz kúndelikli turmısımızda qollanıp júrgenimiz joq. Bunnan biz olardı qollanbaymız demek olardı úyreniwdiń hájeti joq degen túsinik kelip shıqpawı kerek. Sebebi biz olardı sóylewde jumsamaǵanımız benen olardıń mánisin, burın qanday maǵananı ańlatqanın bilsek sol zamandaǵı insanlardıń jasaw sharayatı menen jaqınnan tanısamız. Biz "Sharyar"dástanınıń tilin úyrenedi ekenbiz onda házirgi kúnde qollanbaytuǵın kiyim - kenshek atamaları hám de E.Berdimuratovtıń aytıp ótkenindey mámleketlik basqarıw islerine baylanıslı túsinikler keń qollanılǵan. Biz bul dástandı oqıp otırıp, onıń leksikasına itibar bergenimizde olarda qollanılǵan sózlerdi kórip dástannıń bunnan neshe ásirler burın dórelgenine isenemiz. Sebebi onıń leksikasında da, fonetikasındada kóp ózgeshelikler bar. "Sharyar" dástanın bir neshe jırawlar atqarǵan. Mısal etip aytatuǵın bolsaq, Nurabılla jıraw, Qulamet jıraw, Esemurat jıraw, Óteniyaz jıraw hám t.b. Biraq bul jırawlardıń atqarǵan dástanıń tillik qurılısı derlik birdey.Olardıń hesh qaysısı da Nurabılla jırawdıń úlgisinen sırtqa shıǵıp ketpegen.

Dástandaǵı kiyim-kenshek atamalarına mısal keltiretuǵın bolsaq.

**Telpegi** joq,

**Taqıyashań,**

**Gewishi** joq

**Másisheń**

Hasıl **tonın** jamılıp,

Bawırı ottay qamınıp,

Juwırıp dalaǵa shıqtı[2,49].

Bul mısaldaǵı **"Telpek, taqıya, gewish, mási, ton"**sıyaqlı kiyim kenshek atamaları bir qosıq qatardın ózinde qollanılǵan. Bunıń ishindegi **mási, gewish s**ózlerin házirgi kúnde azǵana bolsada turmısımızda qollanamız. Biraq telpek hám ton sózlerin kúndekikli turmısımızda paydalanbaymız, sebebi **telpek, ton** kiyip júrgen insanlar aramızda ushıraspaydı.

**Telpek** - tóbesi biyik emes, dóngelek kórinisli júni saqlanǵan terisinen islenedi. Bastı shayqaǵanda ushı shıyratılǵan qoydıń júni háreketke keletuǵın bolǵanlıqtan, ayırım dawlı jaǵdaylarda "telpek dirildespe boldı" dep aytılǵan. Sonday-aq er adamlarda <<basıńda telpek barǵoy, bir sózli bol>> dep qollanıw jaǵdaylarıda ushırasadı[3,21].

**Ton** - Iylengen qoy terisinen, jún jaǵı ishine qaratılıp tigilgen jıllı kiyim, postın[4,238].

**Taqıya -** sırıp, kestelenip, naǵıslanıp islengen, sheńber formasında tigilgen juqa bas kiyim[4,264].

**Mási -** juqa teriden tigilip, sırtınan gewish kiyetuǵın ayaq kiyim. Bul ayaq kiyimniń teriden islengenleri burın islenilgen bolsa, házir zamanagóy hár qıylı materiallardan islengen másiler qollanıladı[3,46].

**Gewish -** Bılǵarı teriden qolda tigilip islengen ayaq kiyim(kalosh).Onıń ózin yáki mesi menen birge kiygen[3,46]

Qosıq qatarında kelgen sózler  júdá úylesimli qollanılıp tur. Sebebi Sasuwar obrazın ashıp beriwge bul sózlerdiń járdemi úlken esaplanadı. Dástannan málim bolǵanınday Sasuwar bay adam bolıp táriplenedi. Bundaǵı **telpek, taqıya, gewish, mási, ton** sózleri onıń shınındada bay ekenin biliwimmizge dálil boladı. Sebebi **mási, gewish, tondı** hámmede kiye bermegen , olardı satıp alıwǵa paqır-puqaranıń jaǵdayı jetpegen.Bunday qımbat bahalı, teriden islengen, kiyim-kensheklerdi tek ǵana baylar kiyiwge ǵana  qurbı jetken.Solay eken bunday sózlerdi hesh qashan dıqqattan shette qaldırmawımız kerek.

Joqarıda aytıp ótkenimizdey gónergen sózler turmıstıń hár qıylı tarawlarına baylanıslı bolıp keledi. Birazları kiyim-keshek, ásbap-úskene atları bolsa, al basqaları mámleket basqarıw islerinede tiyisli bolıwı múmkin. Sharyar dástanı folklorlıq shıǵarma bolıp, onıń mazmunı sol dáwirdegi xan hám onıń aqılgóyleri, xannıń biybishleriniń jamanlıqları, Gúlsharanıń basınan ótken qıyınshılıqları súwretlenedi.Solay eken bul dástanda xannıń xızmetkerleriniń lawazımları búgingi dáwir menen salıstırǵanda aspan menen jershelli parıq bar. Sebebi ol waqıtları qollanılǵan saray lawazımları házirgi kúnde qollanılmaydı.

Mısalı ushın; Pashshanıń ashıwı keldi,- **<<Jállat!>>** - dedi. Jállatı tayın boldı.

**Jállat -** Ólim jazası haqqında berilgen húkimdi orınlaytuǵın adam.

Taqsır, **xanda** qırıq kisiniń aqılı bar boladı dep edi, o bir yalǵan gáp eken.

**Xan -** Hámme lawazımlı shaxstan joqarı turıwshı, eldiń basshısı.

**- Xan** qasında bóriler,

Bórimen dep júrgenler,

Biriń **meter,** biriń **diywan,**

**Qusbegi, inaq, wázirler**[2,33]

Bul mısaldağı **meter, qusbegi, inaq, diywan, wázir** hámmesi xannıń aqılgóy máslahatshileri esaplanadı. Biraq bulardıńda hár qaysısınıń orınlaytuǵın wazıypaları bar. Mısalı ushın;

**Meter -** xannıń aqılgóyi

**Qusbegi** - áskeriy bólimniń baslıǵı bolıp, bul hámel áskeriy júris hám urıs payıtlarında berilgen. Mıńbası ataǵın alıwǵa da  dawager bolǵan[6]

**Diywan -** Xannıń hákimshilik xızmetindegi adamı, xatshı sekretar[5,76]

**Inaq -** Xiywa xan dógeregindegi hákimshikik lawazımnıń atı, 5,271]

**Wázir -**( arabsha.- júk kóteriwshi ) Jaqın hám Orta shıǵıs mámleketlerinde sol tiykarınan Orta Aziyada xanlıqlarda mámleketti basqarıw menen shuǵıllanǵan[6]

Juwmaqlap aytqanda gónergen sózler sol dáwirdiń jasaw koloritin ashıp beriwge járdem beredi. Biz joqarıda keltirip ótken mısallarǵa uqsasların qaraqalpaq folklorındaǵı basqada dástanlardan, aytıslardan, ańız-ápsanalardan da tawsaq boladı. Sebebi oladıń bárshesi bunnan neshe mıń jıllar aldın dórelgen. Solay eken bunday shıǵarmalardı úyreniw arqalı  gónergen sózlerdiń sol waqıttaǵı qollanıw órisin úyrenemiz.

## REFERENCES:

1.Бердимуратов.Е Хәзирги қарақалпақ тили(лексикология)-Нөкис,1984.

2.Қарақалпақ фольклоры(көп томлық XII том Шарьяр) - Нөкис,1984.

3.Қарақалпақ тилиндеги кийим-кеншек атамалары - Ташкент,2020.

4.Қарақалпақ тилиниң тусиндирме сөзлиги - Нөкис,1992.

5.Қарақалпақ тилиниң тусиндирме сөзлиги - Нөкис,1984.

6.uz.m.wikipedia.org